



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 11 desanm 2013

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$715,9 MILYON DOLA NAN FINANSMAN DEVLOPMAN EKONOMIK NAN TWAZYÈM SERI KONSÈY REJYONAL YO

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yo te bay yon sibvansyon \$715,9 milyon dola nan Twazyèm Seri pwogram Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal.

Yon poto-mitan estrateji Gouvènè a pou lanse ekonomi an ak kreye anpil djòb, yo te mete Konsèy Rejyonal yo anplas nan ane 2011 pou restriktire apwòch eta a nan devlopman ekonomik nan yon modèl vètikal nan yon apwòch ki baze sou ekonomi epi ki bay pèfòmans. Pwojè sa a ap ranfòse kominote a, biznis yo ak dirijan akademik yo, ak manm piblik ki nan chak rejyon eta a, pou devlope plan estratejik ki deziyen sitou pou pwen fò ak resous inik chak rejyon pou yo kapab kreye anpil djòb ak sipòte kwasans ekonomik lan.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Nan dènye twazan yo, nou te mete finans piblik New York annòd lè nou te kontwole depans yo epi diminye taks yo, epi kominote biznis global la te remake sa. N ap transfòme Eta New York an yon atraksyon prensipal pou konpayi ki toupatou nan lemonn vini, investi epi grandi avèk pwogram tankou START-UP NY pou bay zòn san taks ak sipò pou biznis yo. Efò sa yo te pèmèt Konsèy Rejyonal yo egzekite pwojè devlopman ekonomik pandan twazan sou baz tout kote nan eta a, depi nan kreyasyon nouvo teknoloji ak inovasyon sipò pou rive nan konstwiksyon lopital ak destinasyon touris k ap sipòte kwasans ekonomik nou. Konsèy Rejyonal yo te gen dwa pou chanje fas devlopman ekonomik nan kominote yo epi yo te reyalize sa toutbon. Twazyèm seri sibvansyon an ap kontinye angajman Eta a nan plan dinamik ak tounèf sa yo epi li rekonèt gwo pwogrè ki fèt deja nan lanse ekonomi nou ak nan fè Nouyòkè yo retounen nan travay.”

Gouvènè Adjwen Robert J. Duffy, Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo, di konsa “Valè kwasans de premye ane ki sòti nan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal ki tout kote nan Eta New York te enpòtan anpil. Anba kalite dirijan Gouvènè Cuomo, nou wè aklè kijan plan sa a ap travay epi li asire nou byen sou wout pou ranfòse ekonomi Eta a. Mwen bat bravo pou chak nan Ko-Prezidan yo, chak manm konsèy la, ak tout lòt moun ki te kontribiye pou angajman yo nan pwosesis sa a epi pou travay san pran souf yo mete nan plan yo, epi mwen bay sensè felisitasyon mwen pou reyalizasyon yo.”

Haitian Creole

Dirijan Kowalisyon Majorite Sena a, Jeffrey D. Klein, di konsa, “Felisitasyon pou benefisyè sibvansyon Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal ane sa a. REDC yo se youn nan anpil zouti enpòtan nou itilize pou devlope yon fiti ekonomik solid pou eta nou an. Mwen fyè espesyalman pou benefisyè k ap fè dirabilite pou anviwònman ak kwasans djòb alontèm yon poto-mitan siksè yo.”

Manm Asanble Sheldon Silver di konsa, “Estrateji rejyonal ki deziyen pou ogmante resous ak avantaj konpetitif chak rejyon nèt se yon apwòch entèlijan pou devlopman ekonomik modèn. Asanble a pran angajman pou kontinye travay avèk patnè nou yo nan gouvènman eta a pou amelyore klima a pou biznis yo nan New York epi pou asire nou gen mendèv ki pi dinamik ak pwodiktif nan Amerik. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo pou efò l ap fè san pran souf pou amelyore ekonomi nou epi pou travay vizyonè li nan batay pou devlopman ekonomik lan.”

Senatè John DeFrancisco di konsa, “Pwosesis la enpòtan. Dirijan kominote nou yo k ap sèvi nan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la te travay di pou deziyen yon estrateji devlopman ekonomik k ap pran avantaj kokennchenn resous, talan ak ladrès zòn New York Santral. Pwosesis la ede bay rekonesans tou pou biznis ki vle grandi epi kreye djòb. Gouvènè Cuomo ak Gouvènè Adjwen Duffy merite rekonesans pou pwogram devlopman ekonomik sa a ki gen siksè sa k ap sipòte kwasans djòb epi devlope yon pi bon New York.”

Nan dat 15 me 2013, Gouvènè Cuomo te lanse Seri III REDC epitou li te anonse de nouvo pwojè nan pwosesis la: Innovation Hot Spots Competition ak Regional Opportunity Agendas. Nouvo aspè sa yo pou Konsèy Rejyonal yo pral sipòte nouvo biznis pou kenbe New York devan ekonomi global la epi yo pral asire kominote ki pi pòv yo resevwa pi bon opòtinite pou travay.

Answit, nan pati pwosesis Seri III, yon Ekip Evalyasyon Aplikasyon Estratejik ki gen ladan manm komisyon ajans eta a te ale nan chak rejyon eta a pou wè pwogrè ki fèt sou pwojè ki te resevwa finansman leta, pou evalye egzekisyon plan estratejik rejyon yo, epitou pou revize pwojè priyorite rejyon yo sipòte nan aplikasyon 2013 yo.

Rezime 824 pwojè nan eta a ki resevwa sibvansyon nan twazyèm seri konpetisyon REDC endike anba la a:

Lwès New York: Benefisyè Sibvansyon Konsèy Rejyonal– \$60,8 milyon dola

Nan Lwès New York, inovasyon ak lespri antrepriz ap fè rejyon an vin yon premye rejyon nasyonal ankò nan manifakti avanse, syans lavi, ak pwodiksyon enèji. Pwojè priyorite REDC ane sa a te gen ladan yon objektif pou bay patwon yo aksè sou demann nan resous aplikasyon enfòmatic avanse, modènizasyon enfrastrikti dlo pou ede biznis endistriyel yo amelyore efikasite, epi kreye djòb nan agrandisman endistri manifakti rejyon an.

Rezime pwojè ki resevwa finansman pou devlopman ekonomik nan Seri III gen ladan:

- **\$1.000.000 dola** pou SUNY Buffalo pou agrandi sant enfòmatic ak analitik done pèfòmans siperyè li ki nan kanpis Buffalo Niagara pou bay endistri ak òganizasyon rejyonal yo aksè sou

demann ak imedyat nan enfrastrikti enfòmatic ak estokaj avanse.

- **\$1.000.000 dola** pou Ti Vil Lockport pou lanse yon sant komèsyal ki te vid depi lontan pou fè li vin yon nouvo devlopman itilizasyon miks, tankou yon espas hoke planifye ki gen de janbyè avèk sèvis sipò detayan.
- **\$1.000.000 dola** pou Konte Chautauqua pou modènize enfrastrikti dlo pou ede biznis endistriyèl yo amelyore efikasite.
- **\$500.000 dola** pou Alfred State College pou kreye yon enfrastrikti enèji ki efikas anpil pou fòme etidyan yo nan teknik manifakti dirab dènnye modèl.
- **\$250.000 dola** pou TAM Ceramics pou agrandi operasyon manifakti nan Niagara Falls.

Finger Lakes: Benefisyè Sibvansyon Konsèy Rejyonal– \$59.8 milyon dola

REDC Finger Lakes te jwenn rekonesans ane pase poutèt li gen youn nan pi bon plan yo nan eta a.

Konsèy la fè lansman sa a kontinye ap vanse avèk pwojè priyorite li yo ane sa a, ki gen ladan kontinyasyon pou envestisman nan Eastman Business Park, redevlopman yon gwo pozisyon bòdmè nan mitan Finger Lakes, epi agrandisman Rochester Public Market dinamik.

Rezime pwojè ki resevwa finansman pou devlopman ekonomik nan Seri III gen ladan:

- **\$1.500.000 dola** pou Pwojè Re-Devlopman Canandaigua Lakefront pou transfòme yon espas Brownfield ki wouye an yon katye itilizasyon komen dinamik ki pran ankouraje devlopman dirab estrateji kwasans entèlijans eta a.
- **\$1.000.000 dola** pou RIT pou kreye Center for Urban Entrepreneurship (CUE) nan yon enfrastrikti anba-lavil istorik Rochester. CUE pral kreye richès nan kominote lavil la kòm yon sant pou pwogram ak rechèch sou lespri antrepriz, epitou l ap bay eleman edikasyonèl pou sipòte pwogram lespri antrepriz ak espas akademik pou pwogram RIT yo.
- **\$1.000.000 dola** pou Hobart & William Smith Colleges pou ede nan konstwiksyon yon nouvo Performing Arts Center pou satisfè bezwen akademik ak bezwen ko-korikolòm Kolèj yo.
- **\$100.000 dola** pou Monroe County Community College pou kreye yon pwogram sètifika ki pral bay fòmasyon avanse pou konpayi manifakti presizyon yo nan Konte Monroe. Pwojè a bay repons pou bezwen imedyat endistri manifakti avanse pou travayè ki gen ladrès yo, avèk travayè deplase ki touche ti revni ak veteran militè ki nan nèf rejyon konte a ki kalifye pou aplike pou pwogram nan.

Southern Tier: Benefisyè ki Bay Pi Bon Pèfòmans- \$81.9 milyon dola

REDC Southern Tier, yo konsidere kòm youn nan pi bon plan nan eta a ane pase, pran avantaj sou siksè li avèk pwojè priyorite li sipòte, tankou agrandisman pwogram swen sante, devlopman resous pou fòmasyon pou jwenn djòb, epi sipòte pwojè pou sipòte touris nan rejyon an.

Rezime pwojè ki resevwa finansman pou devlopman ekonomik nan Seri III gen ladan:

- **\$3.500.000 dola** nan Fon Community Revitalization pou bay finansman pwovizwa pou ankouraje investisman prive nan anba-lavil yo ak nan Ri Prensipal yo, ak devlopman katye ak sant popilasyon trial rejyon an.
- **\$2.250.000 dola** pou Elmira College pou kreye yon Sant Fòmasyon nan Swen Sante, ansanm ak modènizasyon nan Cowles Hall pou mete pwogram Syans Enfimyè, Pawòl ak Odisyon epi pou bay espas pou nouvo pwogram swen sante yo. Pwojè a pral fasilite kreyasyon djòb epitou l ap prevwa ogmantasyon moun k ap enskri nan pwogram enfimyè.
- **\$1.500.000 dola** pou Corning Museum of Glass pou agrandi operasyon yo epi pou amelyore eksperyans vizitè yo. New Entrance pral yon zòn resepsyon andedan/deyò pou akeyi epi pou sèvi bezwen vizitè yo, ansanm ak nouvo enstalasyon, twalèt ak antre nan nouvo enfrastrikti ki gen souflaj vè a.
- **\$1.300.000 dola** pou Ti Vil Margaretville pou èd nan konstwiksyon yon nouvo otèl nan chantye Margaretville Motel ki la deja nan Plan Agrandisman Biznis Margaretville Lodging, LLC.
- **\$850.000 dola** pou Konte Delaware pou re-vesti nan sant manifakti ki te vid depi lontan. Delaware County IDA pral egzekite yon pwojè pou ache epi modènize ansyen sant anbouteyaj dlo Wissahickon pou devlope yon sant manifakti lejè ki pare, avèk kle pou remèt touswit pou atire nouvo investisman sektè prive a ak kreyasyon djòb.

Santral New York: Benefisyè Sibvansyon Konsèy Rejyonal– \$66,9 milyon dola

Avèk gwo pèfòmans nan ane 2012, REDC Santral New York kenbe yon objektif sou kèk pwojè k ap amelyore kalite lavi pou sitwayen yo epi k ap devlope endistri enpòtan yo. Pwojè priyorite Konsèy la pou ane sa a ap kontinye objektif sa a, ansanm ak investisman dirab nan lansman anba-lavil Syracuse ak Ri Prensipal yo toupatou nan rejyon an, pou sipòte touris, epi pou amelyore byennèt nan rejyon an avèk investisman nan endistri swen sante a.

Rezime pwojè ki resevwa finansman pou devlopman ekonomik nan Seri III gen ladan:

- **\$2.800.000 dola** nan sibvansyon pou konvèti bilding NYNEX ki te vid depi lontan an yon sant itilizasyon komen k ap gen ladan apatman, espas pou biwo ak detayan.
- **\$1.300.000 dola** pou kontinye devlopman Syracuse Inner Harbor, ansanm ak demenajman kay machandiz ak modènizasyon twa bilding estokaj abandone, ak konstwiksyon yon bilding komèsyal/rezidansyèl 170.000 pye kare pou itilizasyon komen.
- **\$750.000 dola** pou kontinye investisman nan enfrastrikti nan Central New York Raceway, ansanm ak etid anviwònman an, diminisyon dega nan marekaj yo, ak aksè nan I-181 pou sipòte yon gwo konplèks destinasyon touris pou evènman espò otomobil ak lòt evènman.
- **\$500.000 dola** pou achte epi modènize Harriet Tubman Residential Center ki vid nan moman an nan Auburn pou kreye yon kanpis entegre sant sante, espò ak byennèt. Sant medikal, sante ak byennèt ak rechèch dènye modèl ak klas mondyal sa a pral sèvi kòm sipò pou kanpis entegre, epi pral gen yon sant lwazi, espòtif ak reyabilitasyon andedan, plizyè teren espòtif deyò pou plizyè kalite itilizasyon, ray natirèl ak zòn piknik.

Mohawk Valley: Benefisyè ki Bay Pi Bon Pèfòmans- \$82.4 milyon dola

Objektif REDC Mohawk Valley konsantre sou kreyasyon chemen pou inovasyon, lansman enfrastrikti ki la deja ak kreyasyon nouvo patenarya. Ane sa a, Mohawk Valley te sipòte pwojè priyorite ki satisfè vizyon sa yo, tankou Quad-C, kontinyasyon investisman nan Marcy Nanocenter ak pwojè pou ranfòse manifakti rejyon an, swen sante, agrikilti ak lòt sektè endistri enpòtan.

Rezime pwojè ki resevwa finansman pou devlopman ekonomik nan Seri III gen ladan:

- **\$5.000.000 dola** pou pwojè Harbor Point Vil Utica, yon nouvo devlopman pou itilizasyon komen yo pwopozè toutolon Rivyè Mohawk. Utica Harbor anvizaje pou selebre pase li men tou pou kreye yon nouvo motè ekonomik pou fasilite investisman prive, tankou itilizasyon komèsyal, detayan ak komen, kreyasyon manje/restoran, ak mwayen pou amizman.
- **\$3.250.000 dola** pou kontinye devlopman pwojè Marcy Nanocenter lè yo sipòte amelyorasyon ki nesèsè pou chantye pwojè a, tankou aktivite defrichaj, esatman, terasman ak aktivite travay pou monte tè, diminisyon dega marekaj, drenaj dlo tanpèt, wout ki bay aksè sou andedan, ak aktivite devlopman chantye pou sipòte konstwiksyon nan Marcy Nanocenter pou izin manifakti semi-kondiktè echèl 300/450 mm.
- **\$3.100.000 dola** pou kreye Center for 21st Century Workforce Education & Innovation (C-21), yon nouvo sant devlopman ak fòmasyon mendèv nan kanpis SUNYIT ki andedan Quad-C nan SUNYIT. C-21 pral kreye yon sant aprantisaj teknik avanse entegre ki vize karyè nan anbalaj ak asanblaj nano-elektwonik avanse; aktivite konstwiksyon pou nano-elektwonik/nano-fabrikasyon; epi antretyen pou manifakti teknik avanse.
- **\$2.345.000 dola** pou Fon Investisman Kominote Mohawk Valley – yon fon sibvansyon rejyonal ak prè renouvlab pou sipòte lansman kominote a ak konsèvasyon biznis ak pwojè agrandisman toupatou nan rejyon sis konte yo.
- **\$180.000 dola** pou kreye yon sant pwodui agrikòl nan bitasyon agrikòl riral Corbin Hill. Pwojè Corbin Hill Food pral bati yon sant pèmanan pou gwoupman pwodui lokal pou satisfè anpil bezwen kliyan kominote tounèf ki sipòte pwogram agrikilti a.

North Country: Benefisyè ki Bay Pi Bon Pèfòmans- \$81,3 milyon dola

Kòm youn nan Konsèy ki te bay pi bon pèfòmans ane pase, REDC North Country ap vanse avèk gwo vitès avèk pwojè transfòmasyon yo. Nan ane 2013 la, estrateji yo te montre divèsite rejyon an avèk priyorite tankou èd pou kiltivatè yo ak pwopriyetè ti biznis yo amelyore rannman yo, satisfaksyon bezwen pou plis chanm otèl nan rejyon an pou pran pi bon avantaj nan ekonomi touris, ak kwasans djòb ak investisman nan endistri teknik avanse.

Rezime pwojè ki resevwa finansman pou devlopman ekonomik nan Seri III gen ladan:

- **\$6.000.000 dola** pou amelyorasyon enfrastrikti nan eleman bann laj pou ogmante sèvis gwo vitès ki pa chè nan rejyon North Country.
- **\$5.000.000 dola** pou lanse Hotel Saranac, pou kreye yon otèl sèvis konplè pou sipòte touris la pandan tout ane a.

- **\$2.100.000 dola** pou kontinye re-devlopman ansyen Mercy Hospital nan anba-lavil Watertown epi pou transfòmè chantye a an yon devlopman itilizasyon komen avèk itilizasyon komèsyal, biznis ak rezidansyèl.
- **\$2.000.000 dola** pou konstwi yon nouvo otèl-klib ak restoran bòdmè nan ansyen Lake Flower Hotel, epi pou jwenn investisman prive pou divèsifye touris/lwazi kominote ki baze nan rejyon an.
- **\$250.000 dola pou sipòte Faz 2 Wild Walk nan Wild Center ki nan Tupper Lake**, ki gen ladan konstwiksyon aktivite ak ekspozisyon pèmanan deyò.

Capital Region: Benefisyè ki Bay Pi Bon Pèfòmans- \$82,8 milyon dola

Efò REDC Capital Region nan de dènye ane yo te ede avanse rejyon an kòm yon premye rejyon global nan rechèch ak devlopman nano-teknoloji, pandan l ap amelyore kalite lavi pou sitwayen yo nan pwojè anba-lavil la ak pwojè lansman bòdmè a. Objektif Konsèy la nan ane 2013 la gen ladan investisman ak agrandisman chèn lojistik lokal an endistri semi-kondiktè, fòmasyon nan nano-teknoloji pou kreye opòtinite travay, ak yon investisman k ap kontinye nan pwojè re-devlopman enpòtan.

Rezime pwojè ki resevwa finansman pou devlopman ekonomik nan Seri III gen ladan:

- **\$5.000.000 dola** pou College of Nanoscale Science ak Engineering (CNSE) pou sipòte kwasans dirab. CNSE pral kreye yon Sant Fòmasyon Inovasyon Lib pou Done Dijital [Digital Data Open-Innovation Training Center (DO-IT Center)] pou fòmasyon mendèv la, yon sant biznis SMWBE Business Enterprises pou devlopman lojisye, yon sant operasyon done, ak yon laboratwa fòmasyon ak devlopman operasyon entèlijans nan vil la.
- **\$5.000.000 dola** pou re-devlope ansyen chantye ALCO nan anba-lavil Schenectady an yon kominote bòdmè dinamik pou itilizasyon komen yo prevwa k ap sipòte kreyasyon djòb enpòtan epi k ap atire epi konsève jèn pwofesyonèl ak fanmi nan rejyon an.
- **\$2.500.000 dola** pou sipòte lansman Park South nan Vil Albany. Pwojè a gen ladan konstwiksyon yon bilding pou itilizasyon komen ak klinik medikal, inite lojman, ak yon garaj estasyonman machin nan tèt ansanm avèk Albany Medical Center.
- **\$1.000.000 dola** pou re-devlopman itilizasyon miks nan anba-lavil Troy ki gen ladan modènizasyon yon bilding 35 inite, konstwiksyon yon chemen modèn sou Rivyè Hudson, pakin reyabilitasyon ak enfrastrikti.
- **\$100.000 dola** pou NYSARC Inc, Seksyon Konte Warren, Washington ak Albany pou adapte yon sant distribisyon epi pou bay fòmasyon anplwaye ak kliyan nan de kote nan Konte Warren ak Konte Albany.

Mid-Hudson: Benefisyè Sibvansyon Konsèy Rejyonal– \$59.6 milyon dola

Avèk avantaj nan siksè nominasyon yon pi bon plan nan ane 2012, REDC Mid-Hudson ap relanse angajman li pou investi nan teknoloji, touris, lansman enfrastrikti ak devlopman bòdmè a. Objektif pou pwojè priyorite nan ane 2013 pou Konsèy la te gen ladan pwojè pou kreye djòb nan enèji renouvlab ak manifakti avanse, pwojè pou amelyore swen sante ak byennèt nan rejyon an, ak sipò touris lè yo pran avantaj pozisyon toupre li avèk gwo makèt yo.

Rezime pwojè ki resevwa finansman pou devlopman ekonomik nan Seri III gen ladan:

- **\$1.500.000 dola** pou Pwojè Kingston Connectivity pou fè amelyorasyon enfrastrikti yo nesèsè pou amelyore kalite lavi kominote a. Pwojè Kingston Connectivity pral kreye yon kominote pi fasil pou moun viv ak dinamik avèk aplikasyon yon rezo chemennfè y ap konsevwa epi konstwi pou bay lòt mwayen ki pwoteje ak aksesib pou tout moun pou siklis, pyeton ak lòt mwayen ki pa motorize. Pwojè a pral redui emisyon konbistib fosil, ankouraje aktivite fizik, epi redui blokis sikilasyon machin.
- **\$1.000.000 dola** pou konstwi yon nouvo izin byomas nan Konte Orange. Pwojè a ap gen ladan konstwiksyon yon sant gran echèl pou transfòmè dechè an enèji k ap pwodui enèji pwòp, avèk yon matyè premyè renouvlab ak san limit, avèk emisyon minimòm. Sant lan pral kreye 24 Megawat (21 Megawat nè) enèji elektrik pwòp.
- **\$1.000.000 dola** pou kreye yon sant nasyonal pou manifakti aditif (enpresyon 3-D) nan SUNY New Paltz. SUNY New Paltz te bati yon fondasyon solid pou sèvi kòm fiti sant pou teknoloji vizyonè sa a ki enteresan anpil, epi sipò sa a pral ede bay Inivèsite a ekipman enpresyon 3-D dènye modèl ak izin fizik ki nesèsè pou aplike vizyon li okonplè.
- **\$500.000 dola** pou sipòte amelyorasyon enfrastrikti nan Castagna Commerce Park – yon devlopman plizyè faz pou itilizasyon komen planifye k ap gen ladan 167.000 pye kare klinik medikal ak espas pou biwo, 200.000 pye kare espas detayan, ak 400 inite lojman pou granmoun aje ak sant pou viv avèk èd.
- **\$1.000.000 dola** pou finance yon sant transpò plizyè mòd nan Vil White Plains. Pwojè Re-Devlopman Sant Transpò Milti-Modal White Plains pral bay yon pi bon sant transpò milti-modal k ap sèvi tout mòd vwayaj epi k ap ogmante posiblite pou devlopman ekonomik zòn nan nèt. Pwojè a pral kreye tou yon nouvo kote akèy k ap transfòmè zòn estasyon an epi k ap bay yon antre atraktif ak fonksyonèl k ap kontribiyè nan yon baz anba-lavil dinamik.

Vil New York: Benefisyè Sibvansyon Konsèy Rejyonal– \$57,4 milyon dola

Vil New York se yon sipò ekonomik epi li devan ekonomi global la depi lontan. Avèk dirijan yo ki nan REDC Vil New York, Vil la ap pran avantaj nan sitiyaasyon klas mondyal li nan investisman nan endistri enpòtan yo, tankou manifakti, touris, ak teknoloji tounèf. Nan ane 2013 la, objektif pwojè priyorite Konsèy la te gen ladan kwasans djòb nan teknoloji avanse ak aktivite demaraj, investisman nan pwojè re-devlopman gran echèl, ranfòsman endistri touris li, ogmantasyon opòtinite pou lojman, epi amelyorasyon kalite lavi Nouyòkè yo.

Rezime pwojè ki resevwa finansman pou devlopman ekonomik nan Seri III gen ladan:

- **\$3.500.000 dola** pou sipòte modènizasyon enfrastrikti ki toupre Tèminal Feri St. George pou ankouraje nouvo devlopman pou itilizasyon komen. Pwojè a ap gen ladan konstwiksyon yon sant pwen lavant an detay pou plizyè objektif, otèl, restoran, espas pou evènman, pakin, ak patikilarite deyò dènye modèl – pa egzanp, twati ekolojik, espas komèsyal bòdmè ak teras.
- **\$1.500.000 dola** pou amelyorasyon konstwiksyon nan Lighthouse Point. Pwojè a ap gen ladan konstwiksyon teras bòdmè a ansanm ak magazen detayan, restoran, yon otèl, ak prèske 100

inite lojman ki nan bilding istorik toutolon yon teras bòdmè a.

- **\$500.000 dola** pou New York Botanical Gardens pou agrandisman pwogram ak pi bon aksè pou vizitè yo ak sitwayen ki nan kominote toupre yo. Pwojè Aksesibilite Vizitè nan Baryè Lès ak Zòn Ekolojik (East Gate Visitor Accessibility and Green Zone) pral agrandi dirèkteman mwayen Garden pou sèvi piblik la epi pou bay pwogram pandan tout ane a, anplis amelyorasyon aksè pou fè ale-vini nan kominote toupre yo epi pou vizitè tout kote nan vil la nan de liy tren ak liy otobis MTA.
- **\$225.000 dola** pou Alliance for Coney Island, pou amelyorasyon pwojè touris “The One and Only Coney”. Kanpay la vize pou atire touris lè li fè maketing ak lè li ogmante evènman ak pwogram sezon yo k ap re-entwoudi Coney Island kòm America’s Playground, pou ogmante demann Coney Island kòm yon destinasyon touristik.
- **\$250.000 dola** pou kreye Queens Tech Incubator nan Schutzman Center for Entrepreneurship at Queens College. Queens Tech pral yon sipò pou inovasyon teknik, kreyasyon djòb, devlopman kominote, ak devlopman ekonomik. Enkibatè a pral bay espas travay pou antreprenè teknik yo ak antrepriz demaraj yo, l ap ofri edikasyon ak evènman pou devlopman mendèv teknik, epitou l ap sipòte nouvo konpayi yo avèk sèvis pou biznis.

Long Island: Benefisyè ki Bay Pi Bon Pèfòmans- \$83 milyon dola

REDC Long Island te travay nan moman difisil ane sa a paske objektif pou tout moun Long Island yo se te pou redrèsman apre dega Sipè-Ouragan Sandy te lakòz. Travay Konsèy la te ede ekonomi rejyonal la, biznis lokal yo ak sitwayen yo retounen nan aktivite yo, epi pwojè priyorite yo te sipòte pou ane 2013 la ap kontinye ranfòse ekonomi rejyon an. Objektif prensipal la se te pou vin premye nan ekonomi an pidevan avèk pwojè tounèf k ap ogmante rechèch ak sant devlopman ak kapasite, ak investisman nan ekipman pèfòmans siperyè yon fason pou patwon prensipal rejyon an nan endistri syans kapab jwenn dènye teknoloji yo.

Rezime pwojè ki resevwa finansman pou devlopman ekonomik nan Seri III gen ladan:

- **\$2.000.000 dola** pou Stony Brook University pou bati yon nouvo Sant Inovasyon ak Dekouvèt (Innovation and Discovery Facility) ki deziyen pou amelyore pouvwa rekritman biznis START-UP NY epi pou ankouraje yon patenarya piblik-prive pou konstwiksyon bilding.
- **\$2.000.000 dola** pou Cold Spring Harbor Laboratory (CSHL) pou modènize yon sant epi pou kreye yon Therapeutics Discovery Center, k ap akselere efò rechèch nan translasyon anpil nan CSHL ki vize pou devlope nouvo terapetik ak dyagnostik pou kansè ak twoub newolojik.
- **\$2.000.000 dola** pou sipòte investisman enfòmatis pèfòmans siperyè nan Brookhaven National Laboratory (BNL) ak nan Hofstra University. Hofstra pral kreye yon Laboratwa Wobotik nan School of Engineering pou sipòte plis enskripsyon, demann pou mendèv, ak nouvo teknoloji yo, tankou entelijans atifisyèl, wobotik ak enpresyon 3-D ak 4-D, pandan BNL ap fè akizisyon nouvo ekipman enfòmatis pèfòmans avanse pou avantaj itilizatè syantifik ak endistriyèl nan rejyon an ak nan eta a.
- **\$1.340.000 dola** pou amelyorasyon enfrastrikti nan Enterprise Park in Calverton (EPCAL). Modènizasyon izin tretman dlo ize Calverton ant tretman segondè ak tretman tètèyè ap bay

devlopman ekonomik ak avantaj pou anviwònman an nan chantye pwojè sa a ki enteresan pou rejyon an avèk posiblite imedyat pou avantaj nan kreyasyon djòb.

- **\$1.000.000 dola** pou amelyorasyon enfrastrikti kontinye nan Wyandanch Rising, ki se yon pwojè lansman jeneral ki baze nan kominote pou transfòme kominote ki nan pi move sitiyaasyon ekonomik nan Long Island an yon modèl pou kominote a ak lansman ekonomik, jistis sosyal ak anviwònman, planifikasyon ak konsepsyon ak kolaborasyon piblik-prive.

Pwojè Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal [Regional Economic Development Council initiative (REDC)] se yon eleman enpòtan apwòch transfòmasyon Gouvènè Cuomo nan envestisman ak devlopman ekonomik Eta a. Konsèy yo se patenarya piblik-prive ki fòme avèk espè lokal ak moun ki konsène ki nan biznis, akademi, gouvènman lokal ak òganizasyon ki pa nan gouvènman. Konsèy Rejyonal yo te re-defini fason New York envesti nan djòb ak kwasans ekonomik lè yo mete anplas yon apwòch ki baze sou kominote, k ap monte epi nan kreyasyon yon pwosesis konpetitif pou resous Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou konsèy rejyonal yo, tanpri ale sou sitwèb www.regionalcouncils.ny.gov.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418